



# PWOTEJE KOMINOTE W LA PANDAN VAG CHALÈ YO

**Vag chalè** ka fè moun malad! Men kijan ou ka ede kominote w la:



## Gaye nouvèl la

Avèti kominote w la sou tanperati wo k ap vini yo.



## Ankouraje yo pou yo rele nan 2-1-1

Sant apèl 2-1-1 an ka konekte moun ak espas rafrechisman yo, tankou orè pisin ki pwolonje, espas kote ou ka jwe nan dlo, sant pou tigranmoun, bibliyotèk, tiyo pou lè gen dife, ak plis bagay toujou.



## Idantifye ki moun ki gen plis chans pou yo malad pandan yon vag chalè:

- + fanm ansent
- + moun 65 lane ak plis
- + moun ki gen andikap oswa ki gen pwoblèm sante
- + timoun
- + sanzabri
- + moun ki travay deyò



## Verifye si fanmi yo ak tigranmoun yo byen

Fè atansyon ak moun ki pa gen klimatizè yo.



## Pataje fich konsèy pou fè fas ak gwo chalè yo

Telechaje konsèy sou kòman pou prepare, planifye, epi rete an sekirite.

